# ГЬУДУЛЛЪИ / ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 26 (10192) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2021 сон. 12 апрель. /Итни


## ИТНИ КЪОЯЛЪУЛАБ ДАНДЕЛЪИ



Районалъул бетIерги гьесул заместителалги гIахьаллъараб итни къоялъул иргадулаб данделъиялда кидаго гIадин рорхана районалъе кIвар бугел суалал.

Гьаб ахираб заманалда нилъер спортсменаз рихьизарулел хIасилаз рохизарулел руго районцоял. Наро-Фоминск шагьаралда, 16 сон тIубачIел лъималазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ тIобитIараб Россиялъул чемпионаталда нилъер районалъул гугарухъабаз росана цо меседил ва гIарцул медалал. Гьеб рохалилаб хабаралдаса байбихьана итни къоялъулаб данделъиги. Гьел къецазулъ 44 килограмм цIайиялда Россиялъул чемпионлъун вахъана ГIабдулмажид ГIабдулмажидов, 38 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI ккуна ГIисалдибир ГIабдурахIмановас.

Районалъул нухмалъулес киназдаго баркана гьеб бергьенлъи ва чемпионазе мустахIикъаб дандчIвай гьабизе кколиланги абуна.

Хадубго дандбана Болъихъ росулъ гIаммаб ифтар гьабиялъул суалги. Халкъ гIемераб росу букIин хIисабалдеги босун, хIукму гьабуна гьеб тадбир Болъихъ ва Микрорайоналда батIаго гьабизе. ТIоцебе Болъихъ 25 апрелалда ва гьелдаса хадуб 1 маялда Микрорайоналдаги. Гьаб хирияб моцIалъ кири къваригIаразе гьениб садакъа гьабизе рес буго.

Аслияблъун лъугьараб, хасго ахираб заманалда цIакъго цIикIкIараб кIвар жинде кьолеб лъел суалалда хурхун баян кьуна УЖКХялъул директор ГIабдулмажид Мутаевас. Районалъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон, АнсалтIа-РахатIа-Болъихъ лъел рогIразда гIадамаз, ихтиярго гьечIого, регъарал краналги къотIун, клапанал лъеялъулги, гьеб хIалтIи рагIалде бахъинабиялъул болжалалъулги бицана гьес.

**-Халкъалда мухIканго лъан букIине ккола росулъ лъим къинабиялъул гIиллаги заманги**, ян абуна Руслан ХIамзатовас.

Хадубго гьес тIалаб гьабуна лъай кьеялъул управлениялъул начальник ХIажигIиса ИзмагIиловасдаса ЕГЭялъе гьабулеб хIадурлъиялда хурхараб баян. Гьел баяназда рекъон исана районалда ЕГЭ кьезе буго кинавниги 178 цIалдохъанас. Гьезда гьоркьоса 67 цIалдохъанас кьезе буго гIицIго аттестат щвеялъе экзамен, цогидаз-гIадатияб къагIидаялда.

"100 школа" проекталда гьоркьоб нилъер районалъул анлъго школа бугиланги абуна ХI. ИзмагIиловас.

Райбольницаялъул бетIерав тохтир МухIамад Запировас бицана жинца нухмалъи гьабулеб идараялда бугеб ахIвалхIалалъул хIакъалъулъ. Хасаб кIвар кьун гьес рехсей гьабуна районалда унеб вакцинациялъул суалалъул. ГьанжелъизегIан районалда вакцина гьабун буго кинавниги 635 чияс.

Данделъиялъул ахиралда Руслан ХIамзатовас тIадкъай гьабуна районалда ругел нухазул цо-цо участоказул жавабиял идарабазул нухмалъулезе гьениб автотранспорт хьвадиялъе хIинкъи гьечIеб хIал букIинабеян.



## БАРКУЛА ЦIИЯЛ ХЪУЛУХЪАЛ



Дагъистаналъул ХIукуматалъул Председатель ГIабдулпатахI ГIамирхановас 5 марталъ гъулбас гьабураб распоряжениялда рекъон Муслимов РахIматула МухIамадович тIамуна РДялъул ветеринариялъул Комитеталъул председателасул заместительлъун ва ветеринариялъул комитеталъул экономикияб, финансазулабгун бухгалтерлъиялъул учеталъул отделалъул начальниклъун.

Муслимов РахIматула гьавуна нилъер районалъул АнсалтIа росулъ. ГIемер соназ хIалтIана районалда батIи-батIиял хъулухъазда: райадминистрациялъул бетIерасул заместительлъун, финансазулаб управлениялъул начальниклъун.

Республикаялъул ветеринарияб Комитеталда гьев хIалтIулев вуго 2008 соналдаса нахъе. РахIматулаца цебеккунги нухмалъи гьабулеб букIана рехсараб отделалъе, гьанжейин абуни, гьебго хIалтIи гьес гьабизе буго идараялъул председателасул заместителасул хъулухъгун цадахъ.

***Баркула РахIматулада цIияб хъулухъ, гьарула щулияб сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби ва ракIалда ругел мурадал тIурай.***



Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуралев Сергей Меликовасул ХIукмуялда рекъон 5 апрелалда РДялъул бетIерасул Секретариаталъул нухмалъулесул заместительлъун ва РДялъул бетIерасул протоколалъул нухмалъулевлъун тIамуна нилъер районцояв, Гъагъалъ росулъа Хункаров ГIабдула СайдахIмадович.

Цевеккун гьев хIалтIана Дагъистаналъул Президентасул ва ХIукуматалъул администрациялда батIи-батIиял хъулухъазда. 2018 соналъул ноябралдаса нахъе гьанжелъизегIан гьев вукIана ХIукуматалъул Председателасул заместитель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасул кумекчилъун. ГIахьаллъи гьабуна батIи-батIиял законал ва РДялъул пачалихъиял программаби хIадур гьариялъулъги. Гьев вуго тIадегIанаб даражаялъул хъулухъалъул группаялъул кадрабазул резервалда гьоркьовги.

***Баркула ГIабдулада цIияб хъулухъ, гьарула икъбал, цере лъурал масъалаби тIуразе къуват.***

# Паспорт кьеялъул аслияб къагIида

1.Россиялъул гражданазул аслияб документлъун ккола паспорт.

2.ТIоцебесеб паспорт кьола 14 сон тIубараб мехалъ.

3.Хисизе ккола 20 ва 45 соналда.

4. Бихьизе гьабураб заман паспорт босиялъе ва хисиялъе 30 къо, болжал (гьавураб къо) щун хадуб.

5. Болжал щун хадуб хисизегIан паспорт рикIкIуна хIакъикъияб гуреблъун.

6. Жиндир заманаялъ паспорт хисичIони къотIула тIад гIакIа-2000ялдаса-3000 азариде щвезегIан.

7. Паспорт хисизе бегьула МФЦялдасан ва Госпорталалдасан (электроннияб заявлениялдалъун).

Гьарула жиндир заманаялъ паспорт босизе тIалаб гьабеян.

Паспорт босиялъе хIажалъулел документал:

1. Форма №7 гIарза

2. Лъимер гьабиялъул свидетельство

3. 3,5х4,5 роценалда бахъараб кIиго сурат

Паспорт хисулаго кодоб бугеб паспорталдалъун гIей гьабула. паспорт кьола анцIго къоялъул болжалалда регистрация бугеб бакIалда. Паспорт кьола бетIергьанасухъе ва нахъе бусинабула лъимер гьабиялъул свидетельство. Паспорт лъола регистрациоnнияб учёталда ва гьелъие гIоло пачалихъияб хIакъги кьезе ккола. Учеталда лъечIеб паспорт хIакъикъияблъун рикIкIунаро.

**Жиндир заманаялъ паспорт хисичIони къотIула тIад гIакIа кIиазаргоялдасан лъабазариде щвезегIан. Гьедин паспорт хисизе бегьула МФЦялдаги ва Госпорталалдасаги (электронное заявление).**

Гьари буго жиндир заманаялъ паспорт босизе тIалаб гьабеян.

**Ш. ХIайдарбегов,**
**Болъихъ районалда бугеб**
**миграционнияб пункталъул начальник.**




## ОБЪЯВЛЕНИЕ

***о проведении конкурсного отбора программ (проектов) развития территорий сельского поселения, основанных на местных инициативах***

***Вниманию жителей с. Тасута!***

В соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 25 апреля 2016 года №110 «О реализации на территории Республики Дагестан проектов местных инициатив» (с учетом изменений, внесенных постановлением Правительства РД от 04 июня 2019 года № 132) проводится конкурсный отбор проектов местных инициатив муниципальных образований Республики Дагестан для получения субсидий на их реализацию.

Целями конкурсного отбора являются: содействие решению вопросов местного значения, вовлечение населения в процессы местного самоуправления и поддержка органов местного самоуправления и населения в решении наиболее актуальных и значимых проблем.

Предложения, направленные на развитие общественной инфраструктуры должны относиться к полномочиям органов местного самоуправления.

К конкурсному отбору допускаются проекты по развитию объектов благоустройства, культуры, жилищно-коммунального хозяйства, водоснабжения, водоотведения, автомобильных дорог местного значения, детских и спортивных площадок, объектов туризма и прочих мероприятий.

Одними из основных условий участия в конкурсном отборе проектов местных инициатив, является обеспечение софинансирования проекта из бюджета муниципального образования и за счет средств меценатов.

Просим Вас внести предложения по определению приоритетной проблемы населенных пунктов, для рассмотрения на собрании жителей, который состоится в сельском клубе с. Тасута, по адресу: ул. Шейха Тунчихана, 5, с. Тасута, Ботлихский район, РД, 25.04.2021 г. в 15 часов 30 минут.

Успешность реализации Программы поддержки местных инициатив полностью зависит только от позиции активных граждан. Реализация проекта местных инициатив зависит от нашей с Вами активности.

**Справки по телефону: +7(928) 579-43-42.**

## Европротокол

«Европротокол» (Европейский протокол) — это оформление документов о ДТП без вызова сотрудников полиции. Иными словами, это возможность самостоятельно зафиксировать факт ДТП для дальнейшего обращения в страховую компанию за получением возмещения, и оперативно покинуть место ДТП, не создавая заторов на дороге. Такая практика широко применяется во многих странах мира, она ежегодно экономит водителям тысячи часов.

Обязательными условиями для оформления ДТП с помощью Европротокола являются:

- Отсутствие пострадавших (не был причинен вред жизни и здоровью водителей, пешеходов, пассажиров)
- В ДТП участвовало не более 2 автомобилей
- В ДТП не причинен вред иному имуществу, кроме транспортных средств участников ДТП
- Оба автотранспортных средства имеют полис ОСАГО
- Водители обоих автотранспортных средств вписаны в страховые полисы
- Обе стороны выразили готовность оформить ДТП с помощью Европротокола и в дальнейшем следовать всем обязанностям участников ДТП.

Данный протокол действует во всех регионах России. Максимальный размер возмещения — 100 тыс. рублей.

Оформление документов о ДТП без участия уполномоченных на то сотрудников полиции (Европротокола) допускается также при наличии разногласий относительно обстоятельств причинения вреда, характера и перечня видимых повреждений транспортных средств, но только для получения страхового возмещения в пределах 100 тысяч рублей.

С 1 октября 2014 года вступил в силу так называемый безлимитный «Европротокол». Им можно воспользоваться, если ДТП произошло на территории всей России, а также если факт ДТП был зафиксирован с помощью фото- или видеосъемки транспортных средств и их повреждений. Также необходимы данные о положении транспортных средств при ДТП, зафиксированные с помощью технологий глобальных спутниковых навигационных систем. Требования к устройствам для фиксирования этой информации и к тому, каким образом ее следует передавать страховщику, чтобы защититься от возможных мошеннических действий, устанавливаются Правительством Российской Федерации. При соблюдении данных условий максимальная сумма возмещения составит 400 тыс. руб.

Если автомобиль одного или обоих водителей зарегистрирован не в РФ, то «Европротоколом» можно воспользоваться в случае, если гражданская ответственность водителя(-ей) застрахована по системе «Зеленая карта». За более подробной информацией о порядке и процедуре урегулирования претензии необходимо обращаться в информационный центр «Зеленая карта» РСА по телефону +7 (495) 641 27 87.

# ЙИЛАРАЙ ШАМСИ



Сардилъ кватIараб гIужалъ йорчIизаюна телефоналъул цIцIумуралъ.

- Алло,- ян рагIана телефоналдасан, -дун ялагъулей йигилан абуна дида. Дун Шамси йиго, нуж щал ?

- Шамси,- ян такрар гьабуна дица сородулеб гьаракьалъ ва макъуги тIурун ун черхалдаго сири бараб асар лъугьана. -Шамси, мун... мун кий... мун щай. .... Шамси, дир хирияй... кисан. .... ???!!! Абизе жого батуларого хутIарай дие гIодое йиччан, сабурго Шамсица баян гьабуна жий гIумру гьабун ГIарабиялда йигин ва анкьидасан Москваялде цо къокъабго сапаралъ щвезе йигилан.

Шамси.... Унго кинайдай гьанже гьей йигей, йихьигун лъалейдай? ЧIаго йикIун йиго гурищ унго.... кинха долда кIвараб гьалщинал соназ тIагIун чIчIезе.... РакIниги кинаб?!... пикрабазда борчIана гьеб сордо. Кинго божизе кIолеб букIинчIо гIемерал соназ дица ялагьулей йикIарай, дир лъимерлъиялъул гьудул, ахирги дида ятанилан.... Гьелъул цIарги мацIалда тун, абадияб рокъое унелъулги, жиндир яс ятизе аманат гьабун тарай Шамсил эбел чIчIана цее. Холелъулги гьелъул бераз диде яс аманат гьабулей йикIана....

-Дида лъала гьей лъицаго цIехоларейлъи, амма дуца ялагьизе йикIинги.... Гьей ятараб къоялъ дир хабаде рачIун бице дир яс, .... Гьале гьаб жоги... босе... ятидал гьелъие кье.... ХIеж борхизе гьадав АхIмадихъ битIизе данде гьабун букIана, исанаселъ цогидазул тIубалеб бугилан гьесги босичIо...... ялагье дир Шамси.... ятидал гьабги гьелъухъе кье, -ян дир кверги жиндирго кверзукь ккун, жаниб жо бухьараб квербацI лъуна гьелъ дир хъатиниб.... Аманат.... дуде дир Шамси аманат,- ян абулаго рухI босана гIемерал соназ унтуца кIвекIарай, йиларай яс ятизе бугеб хьул хабалъе цадахъ босун арай Париза кIодол ....

Гьебго сордоялъ дун сапаралде хIадурана. Цебегосеб, басрияб чемоданалъул тIинда сукIун лъун букIана хьахIилаб кьералъул никIалайил гормендо. Гьеб букIана росулъ дицаги Шамсицаги чIухIдае чIвалеб букIараб, доб заманаялъ къанагIатаб ва кIияздаго гьоркьоб цохIо букIараб гормендо. Кие унеи йигониги , цо чIухIдае чIвазе кье, -ян гьарун ячIунаан Шамси....Дица гьеб цIунун букIана гьей ятичIого къватIиб бахъиларилан... Кодоб босулеб жоялда гьоркьоб лъуна Шамси йоххизе, доб заман ракIалде щвезе гьеб гормендоги... Самолеталда ани, Шамси тIаде щвезегIан заман цIакъго халат бахъилилан, хадусеб къоялъго поездалде яхун унеи дир пикраби роржана дол цересел соназде.

Школалда цIалулаго дирги Шамсилги анищ букIана Москваялда литературияб институталде цIализе лъугьине... Гьенире лъугьине ккани, цин кодоб букIине кколаан басмаялда бахъараб ва институталъ тасдикъ гьабураб чамалиго авторскияб лист....

Гьеб кинабгоги бугей, цIализе лъугьине гьираги бугей дун гьение йорчIана, меседил медалалда школа лъугIарай Шамсийин абуни, институталъ къватIий тана....Шамси йорчIичIелъул, дунго гьений теларилан, эбелинсуца диеги Москваялде нухал къана ва хехго ригьнаде кьуна. ЦIализе йорчIичIого жий нахъе ячIинарилан , тIасиялъ экзаменал кьезегIан Москваялда юкъарулеб фабрикаялда хIалтIулей йикIарай, гьайбатго берцинай Шамсихъ рокьи ккола ГIараб улкаялдаса бечедаб тухумалдаса васасул, вокьула гьев Шамсиеги. Амма, гьезул рокьи бичIчIуларо Шамсил гIагарлъиялда., нахъ чIвалаан гьез гьезул чапарал. Гьелъие гьез хIадурун букIана батIияб къисмат, ва хIадурулел рукIана жидерго тухумалъул васасе гьей кьезе. Гьесие инарилан абидал вацаз вахIшиго юхана Шамси ва бертаде хIадуризе лъугьана тухум... Росу - гIалам бакIарун гьабулеб бертинги, рачIунел бахIарай ячине гIадамалги тун тIагIана Шамси рокъоса, араб бакI лъачIого... Хадуб баянлъана дов гIарабиясда гьай чидае кьолей йикIин лъайдал, дос жиндирго чагIиги ритIун гьей лъутизе мукIур гьаюраблъи...ГIемер соназ цIехечIо гIагарлъиялъ Шамси, жидер яс гьечIин абулаан гьикъараздаги.

Цо нухалъ рикIкIадаб гIарабиялдаса рачIарал нилъер тIоцересел хIажизабазухъ, гьелги ралагьун, Шамсица рокъореги рачун гьоболлъиги гьабун, гIагарлъиялъе гIемерал сайгъатал рачIун рукIана. Бицана гьез гьей йигей бечедгоги, лъикIги, вугев лъикIав рос ва лъималги, бицана гьей гIемер гIоданин ва гIагарлъиялде ракI щун йигилан, амма гьел аралго Шамсил вацазги эбелалъги азбаралдеги босун рухIана гьелъ ритIун рачIарал сайгъатал .... Гьелдасаги сверана гIемер сонал... тIагIана Шамсил хабар... Хвалда цересел соназ гьей ялагьизе хIаракат бахъарай Париза кIодохъе щвечIо кинабгIайги хIакъикъат ва гьелъ гIемер ахIулаан дун жиндихъего, ясалде букIараб рокьи дидехун бикьулаан гьелъ.

Москваялда жеги берцинго рогьел рехун букIинчIо Шамси дихъе кIалъан ячIараб мехалъ. -Щвана дун Москваялде, мун кий?

Дица дирго адрес бицана ва абуна рукъ метроялда аскIобго бугилан. Метроялъул кIалтIе данде дунги ячIинин, хех гьабун гьание щвайилан.... РакI хIалакунеб букIана, унго бахъунеб букIинчIо заман. .... Шамси дида тIуян къосана, гьелда букIинчIо хасиятаб кверлъин, кирали тIагIун ун ратана рицатал чIегIерал гъалал ва гьезул бакIалда бугоан къокъ гьабун къачIараб хъахIкьераб катIари. Ниж гIемералъ хутIана харбида ... бицунеб букIана сундулго, гьелъ цоялда хадур цоял кьолел рукIана суалал амма.... кинго гьикъулеб букIинчIо эбел-инсул, вацазул. Бицине захIмат букIана гьеб диеги. Гьелда лъалароан доб мехалъго эмен ва гьанже гьанже эбел дунялалдаса ратIалъараллъи....

- РакIалда бугищ, Шамси, - ян цебе бахьун, гьелъул гъуждузде рехана дица хьахIилаб гормендоги ва гьей дида хурхунги ячIун, цодагьалъ сас тун чIчIана. -Дида лъалаан дуца дун ялагьизе йикIин.

-Кин ?

- Гьале.... гьаз бицун,- Шамсица сумкаялъуса бахъун цебе рехана жанир тIамчал тIогьилллъараб тIеренаб тетрадь. Гьел рукIана дир кучIдул, тIоцере хъварал.

ТIокIалъ дида яхI гьабизе кIвечIо ва цебе босана доб Париза кIодоца дир хьатиниб лъураб, жаниб гIарац бухьараб квербацIцI.

-Гьале гьаб .... эбелалъ... духъе кьейилан .... эбелалъул квербацI...

-Абуге, гIела... бокьун гьечIо... гьей циндаго гьаракь биччан гIодана ва дида щибго абизе кIвечIо.

- Нилъ къасиги рихьила, дун ине ккола, росги васги руго дихъ балагьун чIчIун,- янги абун Шамси къватIие гIедегIана. Столалда тIадго тана гьелъ эбелалъул квербацI, ва гьелъ цIорозабулеб букIана дир ракI... Эбелалъул квер кваларараб квербацIцI... жаниб бугеб жони кIваричIоан, амма тIокIалъ жиндие гьечIей эбелалъул квер хъвараб квербацI.... РекIее асар гьабиялъ тун батилаян тана дица ахирги.

Бакъанида рачIана Шамсиги, гьелъул, логода ворхатав, куц бугев рос Халилги, гьезул васги. Релъа -рохун, рази-ракиго рачIана гьел, магIарул къагIидаялъ гьаруна хинкIалги, бежа-бельана бакьги ва Халилица ниж рачана къватIире тира-сверизе. Гьоркь рекIараб машинаялдасанги, гьезул рукIа-рахъиналдасанги бичIчIулеб букIана гьел лъикI ресалда рукIинги. Ресторанги тIаса бицана бицунго Москваялда хирияздасан цояб. Дица нахъеги хIаракат бахъана Шамсида рокъосезул бицине, цебе бахъана добго квербацIги, кинго гьелъ гьикъичIелъул бицана къокъго эбел-эмен ками . Гьей цо лахIзаталъ гIенеккун чIчIана, экзамен кьезе вачIарасухъ профессор гIадин цинги дихьги ялагьун абуна : - Гьеб кинабго араб -тараб жо буго... . Гьабуге дида ракIалде щвезе. Дун талихIай йиго гьалщинал соназ. -РукIайин абе жидеего бокьухъ, дидаса инкар гурищ гьез гьабураб ? Гьез дидаса гьаб талихI бахъулеб букIана.

ТIокIаб жо дида рагIулеб букIинчIо.

-Кинаб талихI, Шамси, щиб бицунеей мун, эбел-эменги, ватIанги гьечIеб кинаб талихI дур гьеб, Эбелалде кIалъазенигийищ дуда кIолеб букIинчIеб, чIаго йикIинниги лъазе, дур цIцIар рехсолаго рухI босана дой пакъиралъул, пенсиялъул кепкалгицин йигеб ракь лъаларей дуе цIунана долъ. РакI чармилай Шамси, кин мун дир гьудуллъун йикIарай ?! Щай дица мун ялагьарай ???... Щай ятарай дида мун, Шамси ?! МагIил цIурал бераздa дида гьей тIокIай йихьулей йикIинчIо. Нижеца бицунеб жо бичIчIуларел гьелъул росги васги гIажаиблъи гьабун нижехъ ралагьун рукIана.

Столалда тIад букIараб Париза кIодол квербацIги босун, дун гьениса нахъе ана..... Шамси тIокIалъ я жийго ячIинчIо, я ахIичIо. Самолеталдаса рещтIарайго кидаго рокъое гIедегIулей йикIарай дун, гьаб нухалъ АхIмадил дое сверана. Париза кIодол гIарацги гьесухъе щвезабун, тIасиялъ гьелдаса ХIеж гьес тIубазе къотIиги гьабун щвана хабалазде. Бухьана доб квербацIги заниялда.

-ТIубана, Париза кIодо, дица дур аманат. Амма цо дагьаб батIайиса кканаха,- ян гьениб къулгъу-алхIамги цIалун, цIияб гIумруялде нуцIцIа рагьулей гIадин, гIедегIана рокъое.

**ДЖАМИЛЯ**

ГЬУДУЛЛЪИ

Газета гIуцIарал:

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:

Администрация МР «Ботлихский район»

Директорасул ишал тIуралев
А. Агъларов

Мухбирзаби:
ГI. МухIамадова
П. Дибирова
З.КъурамухIамадова
М. МухIамадова
ХI. ХIасанхIажиев

Фотокорреспондентал:
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев

Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова

*Индекс: 368970*
*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5*

*Телефон:*
*Директорасул*
*8928 680 50 42*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -600 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года.**

**ПИ № ТУ 05 - 00381**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

# БАРКУЛА ШАПАКЪАТ

Чияр рахIму-цIобалде ккарал ригь арал ва сахлъи загIипал гIадамазе хъулухъ гьаби ккола инсанас метерисеб къоялъе жидеего гьабулеб нахърателлъун, щай гурого, Аллагьасул рахъалъа кириги, гIадамазул рахъалъа баркалаги щолеб хIалтIи гьеб букIиналъ. Нилъер районалда бугеб социалияб рахъалъ халкъалъе кумек гьабиялъул идараялда (КЦСОН) гIемер руго тIаде босараб хъулухъ ракI унтун, кIудияб жавабчилъигун гьабулел хIалтIухъаби. Гьединаздаса цояй ккола Аминат ГIисакъоваги.



Гьелъул гIемерсоназулаб захIматалъе мустахIикъаб къимат кьуна Дагъистан Республикаялъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул Министерствоялъ.

Гьал къоязда гьеб идараялъул министрасул цIаралдаса Аминатие ХIурматалъул грамота кьуна районалда бугеб КЦСОНалъул нухмалъулев СагIадула МухIамадовас. Гьес ва Аминатил пишацадахъаз баркана гьелда шапакъат, гьарана гьелъие сахлъи, талихI, хIалтIулъ гIадамазул разилъи.

# БЕРГЬЕНЛЪИ КIИЖАНИСЕЗУХЪ

Чанго нухалъ Дагъистаналъул ва Россиялъул чемпионлъун бахъараб, машгьураб "Каскад" командаялъул волейболист ТIайгибов Ражабил хIурматалда КIижани росулъ тIобитIана волейболалъул турнир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Болъихъ, Хунзахъ, Гумбет, Унцукуль, Шамильский, Новолакский районазул кинабниги 11 командаялъ.

Дагъистаналъул киналниги машгьурал волейболистаз гIахьаллъи гьабунилан абизе бегьула гьеб турниралъулъ.

Гьединлъидал хIаялги рукIана балагьаразе лъикIаб асар гьабурал, хIалуцарал.

Дунял рокIкIинегIан хIаял рукIана КIижани росдал площадкаялда. ЛъикIа-лъикIал волейболистал рахъараб, ТIайгибовасул гIагараб КIижани росулъ спортзал гьечIо. Гьединлъидал, рокIкIун хадуб, финалиял хIаял гьаруна "Вацлъиялъулаб спортзал" абун цIар лъураб мадугьалихъ бугеб Зило росдал спортзалалда жаниб. Лъабабилеб бакIалъе гIоло хIана "Новокижани" ва машгьурав "Кубал" "Голотль" командаби. Лъабго партиялъ халат бахъараб гьеб хIаялъулъ, захIматабго бергьенлъи босана "Новокижани" командаялъ ва гьелъие щвана призалъулаб лъабабилеб бакIги. Турниралъул чемпион цIаралъе ва аслияб кубокалъе гIоло хIана "КIижани" ва "ЦIатIанихъ" командаби.

Гьединго лъабго партиялъ халат бахъараб гьеб хIаялъулъ ахирисеб партиялъулъ 16:14 хIасилгун бергьенлъиги босун тIоцебесеб бакIги гьеб даражаялъул шапакъаталги щвана "КIижани" командаялъе.

Турниралъул ахиралда бергьарал командабазе, гьединго турниралда лъикIаб рахъалъан жалго рихьизарурал волейболистазе кьуна кубокалгун дипломал ва гIарцулал шапакъатал.

Сайгъат гьабун, гIандадерил хъахIаб буртинаги ретIун, вехьасул тIагъурги лъун, "Халатасул" зуллму-хIал бергьун кIалъазе вахъарав живго Ражаб ТIайгибовас кIудияб баркала кьуна КIижани ва Зило росабазул жамагIатазе, тадбир тIобитIиялъе кумек гьабурал гьел росабазул гIолохъабазе, спортсменазе ва тIаде рачIарал гьалбадерие.




Спортсменазул ва гьалбадерил рахъалдаса, гьабураб хинаб дандчIваялъухъги, бихьизабураб гIаданлъиялъухъги, гIуцIцIарал шартIазухъги баркала гьенир гIахьаллъарал киназего кьуна ГIалиев МухIамадица (Куба).

Ахиралда, КIижани росдал имамас дугIа-алхIамги гьара-рахьиги гьабун гьеб турнир къана.

# *В Н И М А Н И Е*

***В связи с наступлением пожароопасного периода, во всех лесах района***

**З А П Р Е Щ А Е Т С Я**

**1.Разводить костры – в сосновых лесонасаждениях, на горельниках, на участках поврежденных ветровалом, снеголомом, на лесосеках с оставленными порубочными остатками и верхушками деревьев, в местах с сухой травой, а также под кроной растущих деревьев или вблизи деревьев и других опасных местах.**

В остальных местах разведение костров допускается на площадках очищенных до минерального слоя почвы и окаймленных окопанной минерализованной полосой шириной не менее 0,5 метров. По истечении надобности – костер должен быть тщательно потушен и залит водой или засыпан землей.

2.Бросать горящие спички, окурки и горячую золу в лесу.

3.Употреблять при охоте пыжи из легковоспламеняющихся или тлеющих материалов.

4.Оставлять примасленный или пропитанный бензином, керосином или др.горючими веществами обтирочный материал.

За несоблюдение Правил пожарной безопасности в лесах предусмотрена материальная, административная и уголовная ответственность: Статья 8,32 Ко АП РФ. Нарушение правил пожарной безопасности в лесах.

За нарушение правил пожарной безопасности в лесах - влечет наложение административного штрафа:
**на граждан в размере от 1500 до 3000 рублей;**
**на должностных лиц в размере от 10000 до 20000 рублей; на юридических лиц от 50000 до 2000000 рублей**

**Статья 261 УК РФ. Уничтожение и повреждение лесных насаждений**

1.Уничтожение и повреждение лесных насаждений , и иных насаждений в результате неосторожного обращения с огнем или иными источниками повышенной опасности--наказывается штрафом в размере до 400 тысяч рублей или в размере зарплаты или иного дохода осужденного за период до 18 месяцев, либо исправительными работами на срок до двух лет, либо лишением свободы на срок до двух лет.

2.Уничтожение и повреждения лесных насаждений и иных насаждений путем поджога, иным общеопасным способом либо в результате загрязнения или иного негативного воздействия.

-наказывается штрафом в размере от 250 тысяч до 400 тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до двух лет, либо лишением свободы на срок до пяти лет со штрафом в размере от 100 тысяч до 300 тысяч рублей или в размере зарплаты или иного дохода осужденного за период от одного месяца до одного года либо без такового.

***УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!***
***П Р О С И М С О Б Л Ю Д А Т Ь***
***«ПРАВИЛА ПОЖАРНОЙ БЕЗОПАСНОСТИ В ЛЕСАХ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ !»***
***(ГКУ «Ботлихское лесничество», Комитет по лесному хозяйству РД )***

2011 соналъ ГIашали СОШалъ Зиявдинова Саният ХIасан-ГIалиевналъул цIаралда кьураб лъугIичIеб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат 05 БВ 0055930 билун буго.
Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**